Террористхэр жылагъуэм щытегупІэ лъэхъэнэм кьалэн нэхъыщхьэу кьоуф абыхэм зэребэн щыкІэр зыубыкъу законхэр егъэфІэкІуэныр. Террорист Іуэху зыпІэжьаХэм жэуапу яхьыр нэхъ тКІий щІауэ, абы елэжь Іуэхущ Іанісэхэм я хуитыныгъэхэм хэгъэхъуэн, а Іуэхущ Іанісэхэм я лэжьакІуэхэм теракт хэм я лей зытехьахэми кьэралым сыт и лъэныкъуэкІи ядэІэпыкъун хуейщ.

Терроризмэм ебэныныгькІэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм дз цІыху псори, правительствэхэри, Урысейм и граждан жылагъуэм и институтхэри, хамэ къэралхэм я правительствэхэм еІуэ щымыІ Іуэхущ Іанісэхэм кьыхудоджэ мы щІэпхьаджагъэм кьару зэкъуэт пэщІэдзэгъуэнымрэ. Дэ дызэкъуэгъэ терроризмэм дыпэщІэувэнмэ, дытекІуэнущ!

2010 гъэ, фокіадэм и 3.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ЦЫПЫНЭ Аслъэн:

● «Адыгэ псалъэм» и хьэщІэщым

Дгъэлъэгъуахэр, фэрыщІагъ хэмылъу, псоми яфІэхьэлэмэтт

зэрыхабзэу республикэм и нэхъыжь Кьанокъуэ Дзирэ ди пашэу кьыхтхуэкІуахэр кьедгъэблэгъащ. Адрейхэр кьэсыным зы сыхьэт ныкъуэфІ щІэжу накІуэри, ар куэдым щІэупщІащ, ди Іуэхухэр зытетыр зэригъэщІащ.

- А Іэмалыр кьебгъэсэбэпу ильэс зыбжанэ хьуауэ зи Іуэху зепхуэ «Адыгэ кьуажэм» и проектыр пхыгъэкІынымкІэ зыкьыпщІигъэкъуэну зыхуэбгъэкъэ?

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым мыбы кьызэрырихьэлІэнур, Іуэхур зытетым зэрыщІэупщІэнур сщІэрт, сыту жыпІэмэ ди республикэм щедгъэкІуэкІ мыпхуэдэ дауэдапщэхэр зэрыкІэхьэлэмэтыр, ятІонерэ и игъэІуэтэну зэорыхуейм сыщыгъуазэти, Арати, Іуэхур зытетым щыщІэупщІэм, псори тэмэмщ жесІа мыхьумэ, адэкІэ зезгъэфІагъакъым. «Адыгэ кьуажэм» теухуауэ сэ абы нэхьапэм тхыгъэ хуэзгъэхьэуэ щытащ, ар кьыскъуащІэмэ, пасэрей адыгэ кьуажэм и псэукІэм и зы теплъэгъуэ зэрІэзгъуэзэжьыфынущ. Иджыпсту ягъэзэщІэ щхьэхуэм щыщ, ар ящІыпІэ щыщ, ар кьыскъуащІэмэ, зыбжанэ ныкъуэфІ щыщ, ар Іэрагъэхьэжамэ, кьыхэслъхьэхэр хьэлэмэт щыщ, ар щыщІэкІэ, зэхэсыжьыфынущ. Иджыпсту ягъэзэщІэ щхьэхуэм

(КІэлыкІуэр.
Пэщіэдзэр №№202 - 203-хэм итщ).

III

Къуажэбгъу дыдэм деж щыт унэм,
И пщІантІэм пыгуфыкІыу, анэм
Щегъэджэгу щэрджэс сабийр,
Гушхуауэ цыкІури мэкъуейщІей,
ЗыІэщІеудыр ерыпІынэм,
Анэр лъэщІохьэ, къеубыдыж,
Мэджалэр, мэдыхьэшх... мэтхъэж.
Аргуэру къеІэтыжри анэм,
ИгъафІэу бгъафэм щІекъуэзэ!
И цыкІум щыдэджэгу зэманым,
Упрыу эныр насыпыфІэ анэм
ГущІэгъуишагъэ щ ыуІэ щІэщІу,
Апхуэдэу зэрыщытыр ищІэу
Жамболэти кУбжэм Іутщ дзыхьмыщІу,
Сакъыпэу бжыхьым щхьэпрыпльрэ
Мо пщІантІэ насыпыфІэм щ ыму
дэпльэу...
ПфІэщынщ зиущэхуауэ дыгъуаКІуэр
Пэпльэу щежьэфынум щакІуэ.
ХульэкІкым ячыну зы лъэбакъуи,
КъигъэззэжУ хъуркъым щІыбкІэ къекъуи,
КъикІуэтыныр къыщо хъу ЛІыгъэншагъэ у,
ЗэщІэпльащ гужьгъэжь зымыгъэзагъэр,
Зэрегъэшхыр дзэр, зэтрекъуэз...
Хьэ щылъхъ пэлыштэу и къуэр унэуТым
Апхуэдизу игъафІэу, хуэгуфІэу и пІэту,
Къригъэзэгъыну аХэр и щІыхьым,
Кхыхэхуэнтэкъым зэи и пщІыхьым...
Кузбжэм ину йоуэри ІэштІымкІэ,
Тегушхуауэ ар Іуегъэу зэщІыкІыр...
Кузбжэ макъым анэр кхыхуопльэкІри,
Хуэму къеунэтІыр ар кхыздиІуКІамкІэ...
«ГъэгурыкІуэ кхыІуХамэ хьэщІэу,
ЕмыкІущ ІубгъэкІыжьыныр пщІэ
хуумыщІу»,-
Зы мэскъалкІиебжкъуэну хабЭэм
И гущхьэм зэи къэмыкІыну фызым.
Есащ сыт щыгъуэ кхыдыхьами хьэщІэр,
И хьэщІэщыбжэр зэи зэхуимыщІу.
И упщІэ пыІэр къекъхуаэ и щхьэм,
Ешауэ башым машІэу зригъэщІу,
Унэгуащэм кхитщ и пащхьэм
Мэзым щытцІыхуа зекІуэлІ ныбжьыщІэр,
ЩІэнур адэкІэ имыщІу.
И упщІэ пыІэм кхыщІэпль пльэкІэр
ЗыІуплъэ уиэгуащэр щхьоскІэр,
УкІытэм ихьу, и нэкІущхьэр
Кхыэзщіоціыпльэ зэуэ Іущхьэу...
ИгъэпщкІуу пльэкІэ УкІытэхыр,
ЦІыхубзым напІэр ирехьэхыр...
ГуфІэкІэ щэху кхыт енэу Іупэм,
Іэнкуну мэЭрпхьуэр и Іэпэр...
ЗыгуэрыМ мафІэ кхыкІэщІыщІэм
КхыхиІэтыкІ фІэкІа умыщІэу,
Гу лъынтуэр хэбэукІыу лыгъэм,
ЗеІэтыр, мэтІысыжьыр и бгъэр...
Цыхубзыр куэдрэ Іэнкунакъым...
Кхыщідзэр хуэму псальэмакъым:
- Гъуэгу хьэлъэ жьыжьэ кхыуэрпкІур
Сэ изольгъуэ, жи, уи нэкІум,
ХьэщІэ щыблэкІкІэ ди уэрамым
ЩхьэгъуэсэМ и цІэкІэ сэламыр
Есхьжу арщи дэ ди хабЭэр,
Сэлам кхуИхьжьыр Ибрэхьимым
Уэмм умыщІу, Іых цІыхубзым.
ПкърыкІанфэщ и Іэнкуныр,
Арщхьэкіэ хуэзтехкъым и нэр...
Дэкіауэ зы напІэІэтыгъуэ
Гурыгъуэ гуэрым гур иригъу,
ХьэщІэм и пльэкІэ игъэщІагъуэм
Зрегъэхуэ цыхубзым и псэм,
И зыІыгъыкІэм, тепльэ псом
КъыбжаІэ ар зэрыбгырысыр...
- Жьыпе жьащи гуапэу хьэщІэм,
Тхъэр си щыхьэту пхузощІ фІыщІэ.
Щысльагъу цІыхугъэр уи бжэщхьэІум
Сигу лъащІэм щысхъумэнщ тхьэрыІуэу!
Сльэгъуащ сэ тхьэІуХуд мымащІэу,
Гу лъащІэм мафІэр щІзыыщІэу,
Арщхьэкіэ уэ кхыІэбдза лыгъэр
Кхыэщіэнащ дэльху лъагъуныгъэу...
СщыгупщэжьнкІым уи макъ гуакІуэр,
Си Іуэху щыхуэхъуи, щыхуэмыкІуи,
СыпхуелъэЛунущ тхьэ сшІ щыгъуи,
Мисир, езыми сыкъольагъур,
Ара кІудейкІщ сэ сыІэхьуэу,-
ЩІыху хьэлэлыжь кхыэзрыгуэкІым
Щытын нэгъэущІу лъэмыкІыну...
Зэгуэр щІалэгъуэу, уи делэгъуэу
ПтыгъА тхьэрыІуэр пщэдджьжь Іугъуэу
ЗэкІэщІихужу жьым, уафэгъу
Ирихьэжу, нхужауэ уи гум
Ззэщыгтами ещхьыркъабзэу
Пщыгъупщэжьнщ си псальэхэр
цІыхубзым!
Іэхьуэ тхьэмыщкІэм кхыщІигъалъэу,
Иригъэлейми, кхыхуэгъэгъу:
Кърапхьыу щІалэхэм ягу ильыр
ТхьэІухдх эм я мыщІэпІъагъу.
Абыхэм зыхуагъафІэу маэзм,
ЩІалэ кхуданхэм ящыхуэзэр
КъаІэщІоужагъуэри
Я дагъуэщІ -
Ззэрепщыжьфхэр я хьэпсапІэм,
Ящыгъупщэжу ар пщІыхьэпІэу!
СольэІур, кхыхуэгъэгъу уи хьэщІэм
Игу кЬеуэр нахуэ кхыззрищІыр...
Сэ сыапуэдэкъым сыт щыгъуи,
Псэльэгъум и щхьэр езгъэужэгъуу...
Мыбдеж, нэрыбгэм и нэмысым,
Кхуэ щІыкІур зыгъэрк эгу щІыхубэу,
И сабий щІыкІум игъэІу гуфІэм
Иригушхуэжкрэ зигъафІэу,
Хуэпэжым сытКІи и щхьэгъуэсэм
И пащхьэм ситу и щІалэгъуэр
КъзэгъэкІыжьынкІ игу мыщІагъуэ...
Кхысфіощі мыпхэудэм дежэ ущымым,
Ди хабЭэм дежкІэ нэхъ тэмэму...
Уи хьэщІэ мэжэлІар уи унэм
ЩІэпшагъэ хуэбгъуэвтэм Іэнэр,

ФатІимэ и ролыр егъэзащІэ КІуэкІуэ Тамарэ.

ХЕТАГУРОВ Коста
ФатІимэ
Кавказ повесть

Кхыхутеплъхьатэмэ хъырышныр,
Уи фадэ пІащІэр кхыщікъуальэ у,
Іэщіэбгъэувэу щытмэ фальэр,
ИщІынкхым ахэр зыри жагъуэ
Гъэуганэм иригъэша Іэхьуэм...
Нобэрей хьэщІэ нэжэгужэм,
Апхуэдэу ишхышхуэн щымыІэ,
Едзакъэм тІэкІу, ефэжмэ псы щІыІэ,
Нэгъуэщі ищІынкхым щхьэрыгъажэ.
Ирагъэблагъэмэ хьэщІэщым,
НэгъуэщІи хуейкхым ар куэдыщэ.
- Хьунут ар!
- Арат уи псальэу сыззжьар,
Альандэрэ дызэуа пшынэр
Мэжэщіэлім шхьи хуэмыхьыну -
Уи щыхуфІагъым хуэсщІу щхьэщэ,
СыщІыхьэфынщ иджы зыщІэщІыжьым.
Щытащ сэ сцІыхуу уи щхьэгъуэср,
Ди сабингъуэм дызэгъуэсу
КІэн Іэджи дыджэгуащ. Сощіэжыр
Къэддыгъурт хуэму мыІэрыси.
- Псом нэхъ нэхъ Іэзэу дыгъуэрт ар.
Езыр цІыху щыму, цІыху жьэмейти,
Дзыуэ фІэтщар «сабыріщІэгъеІт...»
Мы щІалэ цІыкІури фыфей?
- АгІэ.
- Ауэ сэ сщІакъым бын вгъуэтауэ,
Мис абы щхьэ тезыр тесльхьауэ
Уэзгъэльагъунщ сэ а нэжэсым,
Еплъыт, сабийри ещхьыркъэпси...
Куэд щІауэ цІыхухэм къадокІуэкІ нэщэнэу -
Сабийм ба хуищІу еубэзрабзэу
ФэрыщІу зищІым зигу мыкъабзэм,
КхытощІыр псори сабийм и нэм.
Хуейт Жамболэт а щІалэ цІыкІум
Иджыри тІэкІу едэ эощІэну,
Арщхьэкіэ Іэплім кхыхуэмыкІуэу,
ЩІопхъуэж, дыхьэшхыурэ уэздыкІынэу,
Зредззжьыр и Іэплім анэм.
Ди Алыхьышхуэм ейщ гущІэгъур!
Иджы хъуагъэнущ ежьэжьагъуэ!
Ар унэгуащэм кхыхуимыдэ,
КхыщІехьр бжьакъуэ, иту фадэ!
- Мыбы кІигъэжанынущ си гур...

НэІибрэ Жамболэтрэ.

- Абы нэхъ тынш пщищІынущ гъуэгур!..
Ибрэхьим и узынщагъэм папщІэ
Си гуапэ хьунт мы бжьэр бунэщІым...
- Си гуапэу фхуэсІэтынт ар тІуми,
Уи щІэр уэ дахэми къэсщІамэ...
- ФатІимэ...
- Апхуэдэу едэжэу тхьэІухуду
Хьыджэбэ сощІэжыр сцІыхугъауэ,
ПщІэ зиІэ пшышхуэм пхъу ищІауэ,
Ар ипІыжат и быным хуэдэу...
И хъыбар дахэр Іуатн жьыкъэ,
Кхыхуэкіуэр т лъыхъу зэкІэльхьэужьу,
Арщхьэкіэ и щхьэм ирипэу,
Зыри яхуищІтэкъым щхьэгъусэ!..
Пщы лІыжьми пхъу ищІа и быныр,
ИгъафІэу хуихьырт и псэм, и нэм.
Пщыжьым иІэти зы щІалэ,
А пщащэм ихьуКІынут делэ!
Арщхьэкіэ гущІэгъуншэщ гъащІэр,
КъуищІэнкІ хъунур кхыпхуэмыщІэу...
Сунэж кхыщІыхьеяти зауэ,
Щытати щІалэр абы кІуауэ,
И кІуапІи-жапІи кхахуэмыщІэу,
ЯгъэххыбарыР щыкІуэдауэ...
Ауэ аракъым нэхъ Іуэху хьэлъэр.
ЯуКІамэ е ящІам щхьэпылъэ
Нэхъыфіти... елыТауэ абы
кхыпльыкъуэкІам!..
- Сыт, щІалэр псэуэ кхыщІэкІа?!-
Нэрыбгэм, щэчым зэщІигъапльэу,
Шынэу Іэпех хьэщІэм и псальэр.
- Хьэуэ. Ауэ,
Кхыщыхъуу и къуэр зэкІуэдауэ,
ЗиЫгъми пщым зигъэбыдауэ,
Удын етІуанэр, пэмыплъауэ,
Кхытохуэр лІыжьым, игъэхыщІэу:
Нэрыбгэ ипІыжам, пхъу ищІу,
Хьыбар къекІуэкІэр и фІэщ ещІыр,
Йопщыжкри псальэм, хабзэ кІутэу,
Гъэпщкіуауэ докІуэ унэІутым...
- Хьунщ пщащэм теухуауэ, хьэщІэ,
Пыпщэнщ нужькІэ а пІуэтэжым,
Иджы кхыхжеІэт а щІалэщІэм
И натІэ хъуэм и хьыбар пэжьр...
Хьэльэщ, гущІыхьэщ а хъыбарыр,
ІэхъулъэхъукІэ зэщІэпхарэ гъэру
Лъэхъуэщым щІыигъащ, исащ хьэпс
псыІэм
Гупсысэрэ хъуэпсапІэу дунейм щиІэр
Зэ мыхъуми зэгуэр щхьэхуит кхэхъужу
Гупсысэм хэмыкІ пщащэм ІущІэжьныртъ...
ИкІэм-икІэжьм ар щхьэхуит
КъохъужкІри, пІащІэу гъуэгу кхытохьэ,
Нэрыбгэм ирехьэлІэ и щхьэр,
Сымаджэт ар икІи ныбаджэт...
- Іэхъуэ! Уэим умыщІу, кхысхуэгъэгъу,
Сжужьжькъым адкІэ, си гур мэгъу.
А пщы щІалэщІэм зэреджэр хэт?
- Жамболэтщ...
- Таурыхъкъэ кхыжеПІауэ хьуар?-
Сэ сощІэр ар зэрауКІар.


ФатІимэрэ Жамболэтрэ.

Кхыжжеіэт пэж, течауэ и щхьэр...
- Мис, Жамболэтыр итщ уи пащхьэм!..

IV

Щым дэгум зэщІиубыда пэшыр
Пхъэ ласкІэм хуэгъэнэхукъым щІагъуэу
И зэхуэдитІ фІэкІакІэщ жэщыр,
Нэсащ щхьэгъусэ кхъсыжыгъуэм,
Ауэ кхъэкІуэжкхым Ибрэхьим...
ФатІимэ езэгъыжкхым жейм,
Ибыгщ гупсысэм, мэнэщхьей,
Іэфі дыдэу Іурихащ сабийр...
Есащ цІыхубзыр мыгъуэлъыжу
Зэи щхьэгъуэгэр кхъмысижу...
Щысщ, ІюжьэІ. Лъэмакъ машІэ
Кхыщыіум кхыщолъэтыр псынщІэу...
Кхъсыжагъэнущ Ибрэхьим...
Хьэуэ аракъым. Кхыщыщ Іэплъым
Тельъыдж щ хъур кхызыІуплъэр...
Хъарпшэру кхыхэкІауэ пщІыхьым
ПфІэщІыну кхитщ абы и пащхьэм
Жамболэт, Іэнкунрэ зихъэу...
- Ей! уэра мыр?- щІоупщІэ фызыр.
- Сэращ... сытегъэущхьри гъуэгум,
Кхъсхьащ аргуэру щхьэр уи жьэгум.
Лъэмыжьыр трихати псым,
Кхысхуэгъуэтакъым и икІыпІэр...
Уэлбанэщ, жьапщэр йокІыр хьийм,
ЖыхьэнмэМ сихуа нэхъей,
Сригъэхьати гугъу жэщ кІыфым,
Фи деж кхъэгъаззэмэ нэхъыфІу
Кхъслъытэри кхытезгъэзащ,
ЕрагъкІэ си щхьэр кхъсхьэсащ...
Иджы, Алыхьым и шыкуркІэ,
Кхэплъытэ хъунущ сыкхъелакІэу!
Зыгъэхьэзыр, ФатІимэ, псынщІэу,
Дежьэн хуейщ зыми дыкъымыщІэу.
ЩІыхэр кхыдожьэ, тельу уанэр,
СыткІи хуэщІауэ ди гъуэгуанэм.
Зы егъэзыпІэ гуэр дынэсым,
Сэ содэ пхъэрыр кхыткІэлІысми...
- Сыт мы кхызжепІэр?
- ЕсщІылА зауэм унэІутхэм,
Шынагъ машІэм упикІуэту,
Умыгъэпуд апхуэдэу и пщІэр...
- Сэ си гугъакъым, соІуэр Тхъэ,
Апхуэдэ кхрипэсу си щхьэм,
ЖамболэтІ ищІыфыну си жагъуэ...
- ФІыуэ аращ сыкхыумыльъагъуу!..
- Ди Алыхьышхуэм и гущІэгъуэм
Кхызитыжа дэльхуу уэольагъур...
- Ара зэрыхьури?
- Ар пфІэмащІэ!
- ФатІимэ! Дэнэ щыІэ псальэу
Кхызитыгъахэр уи гухэльъым?..
- БлэкІам пІэжкъым кхъгъэззэж,
Алейуи ар кхыумыльыхьуэж...
- ѢепщыжакІуэщ!
- Сэ и икъукІэ куэдрэ сыножьащ...
Иджы кхызжеІэт, егупсысэм,
Сыт хуПэжкІынут хъыджэбэ дэсым
ЩІэчэ имыІэу уэркъи пщыи
Кхыльыхьум махуэ кхъскІэ пщащэм.
Ильэс хэр кІуэжу зэкІэльхьэужьу,
Хьыджэбэым хэхъуэмэ и ныбжьым,
Псальэ мышухэри и ужьым
ИмыкІым, пщІыр кхыльрахьэкІыу?..
Сыныкъуэкъуащ сэ ильэсиплІкІэ.
Си дежкІэ гугъут, зэгъащІэ фІыуэ,
СемыпщІыжьныр ста тхъэрыІуэм,
Ауэ иджыкІ кхыщызгурыІуэр -
Сыкхыщ Іэкіащ сынасыпыфІэу...

ГугъуехькІэ гъащІэм жылэ ѣепсэрщ
Кхытепхьжынури уи хьэсэм....
ЕмыкІу хэсльагъуэркъым лэжьыгъэм.
Си дэльхум хуэдэу сыпщыгугъырт
УкъыздэщІыну, кхъздэпІыгъыу...
Ег упсысыжьыт, Жамболэт!
СемыпщІыжьын щхьэ си тхьэрыІуэм,
Сэ си фэм дэзгъэкІащ куэдыІуэ...
Тхьэм щыщынэ,
Сэ сыунагъуэщ, сэ сыанэщ.
- Пщыл пцІыІуэпцІыщэу цІыху мыгъасэм
Сабий хуэпльхъуауэ, ар уогъасэ...
- Си щхьэкъыр пщІыуэ хэутэн,
Пщы напэм дауэ еЭэгъынІ...
Кхызымыхуэж афІэкІ си гугъу!
- Апхуэдэу щытмэ, кхыхуэгъэгъ у.
Уи жагъуэ умыщІыж иужькІэ!

* * *

Щым дэгум зэщІиубыда пэшым
ЩІэт кІыфІыр фагъуэу пхилыгъукІыу,
Нур къаруунщэ рех пхъэ ласкІэм.
КъЭсыжкъым Ибрэхьим, щхьэгъусэр,
Уэлбанэщ жэщри, мэгузасэ...
ПІланэгъэм дэт сабий гъуэлъыпІэм
Іэфіу щепщІыхьу и пщІыхьэпІэм
Сабийр ирехьэжей кхыыгуфІыкІыу.
И къуэм зыхуингъэщхьауэ анэм,
ГуфІэгъуэ нэпсхэр кхыфІыщІоткІур и нэм...
Нэхущ пшэплыр хуэмурэ абджыкІнэм
Кхыізэпхьплъу кхоІэгъуэ нэхулъэр...
Зэм зжьыхьыжрэ, зэм зэщІэрыуэжу
Пхъэ ласкІэ нурыр нэхущым хокІуэдэж...
Ибрэхьимм кхызэрымысыжщ.
Нэхульэр къосри, пщІантІэм пцІащхьуэм
Зыщегъэхьэзыр льэтэну уэгу къащхьуэм...
Псыежьх цІыкІури мэЗущІэ жейбащхьуэу.
МэкІыргъри и щэрхьыр выгум,
ПщІантІэм кхыдэмыхьэу пещэж гъуэгум!..
Аргуэрыжьу пэшыр зэщІощымэ,
Жеижьнуи ягу кхъмыкІ ФатІимэ!
БжьыхьэТхьэмпэу фІэкІэзызу и гур
Гупсысэбэу фІытольадэ гъуэгум.
Хэт кхыщІэфыну псэм игъэвыр,
Акъыл ешар зыгъэгузавэр?!
Зы насып гуэрым дэумэзэхыу
Сабий жейм зыхурегъэзыхыр...
Сыт жрпІэнутэр сабийм?
Сыт щыжжІэнур - псальэр лейщ?!
Ауэ сабийм и пырхь мамырми,
Кхыдрихьей и гъы макъ щэхуми
И гурыгъузхэр зэбграхуу
ЯльэкІкъым кхъахыжыну нэхур.
И нэкІущхьитІыр ягъэльагъуэу
Нэпс пщтырхэм щхьащІыкІыр лъагъуэ...
- Іэфіу пщІыхьэпІэр жейм нэхунэр
Абы нэхъ льапІэ щымыІэну...
Гу лъымытэххэу зэман кІуэнум
ПщІыхьэпІэ Іэфіри здихьынущ.
Ауэ зэгуэр укъэушыжу
Жейбащхьуэуу кхъзэтепхым уи нэр,
КхыбГурыІуэнущ нэпс щІигъэжу
Жэщ псом кхыпщхьэщыса уи анэр...
ЛъэмыкІыу гъащІэм и удыным
ХьуэпсапІэр игу ириудыну!
Уэ уи насыпым пэхъун уасэ
ЩыІэу дунейм сыщымыгъуаэз!-
Зыгуэрым Іэ нэрымылъагъукІэ
Іуиха пфІэщІыну бжэр зэІуокІыр,
Абдежьм хуэму пэш пэІущІэм
ЩІэз кхуа нэхуш ныкъуэзэхэщІэм
Кхыхэбэкъуащ щэрджэс ныбжьыщІэр.
Ар кІыфІым хэтщ, къамылъагъуу
ЩІакІуэр зыщІех Іэуэльауэнщэу...
- Апхуэдизу узыхущысхьынщэу
ЩхьэІ зыбукІыжрэ, ФатІимэ!..
- У эра ар?! СхуЛъэмыкІынут
сыномыжьэу...
- СыкъэкіуэжьынкІэ хъунут нэхъ гуваУи,
АтІэ, уэ ущысын хуей жейр кьомыкІуэу?
Ар зыкІи хуэщхьэпэнкъым гъуэгурыкІуэм.
- Ди Алыхь льапІэ, уэ укъэсыжакІэщ!..
- ФатІимэ, сыт уи нэпсыр щІыщІэбгъэкІыр,
Сыт кхъэхуар?
Ди сабий цІыкІур сымаджэ хьуа?
Пэжыр жьІэт...
- Хьуэ... а цІыкІум лажьэ лъэпкъ имыІэ...
Мы си гум иІэти зы кЬеуэкІэ...
Си гугъащ сынимыхьэсу нэхулъэм,
ЩІиудыну мы си льэр кхъэ хуэпльэу...
Алыхьым и шыкуркІ, фІэкІакІэщ псори,
УкъысхуэкІу жащ у зыншэу у эри...
Си гуи, си пси иджы псэхужащ...
УмэжэлІагъэнущ ѣушхым унуфэнщІакъэ?..
Умыгуазэ, сэ зозгъэтІыжьынкъэ
ИджыпсТу си хьырышн ІэфІкІэ...
- Сэри, къэрабгъэ цІыкІур,
и гур кьипкІыу,
КъэзгъэуІэбжьынкъэ саугъэту
кхыхуэсхьамкІэ...
Си гугъэщ мы шылэ ІэльэщІыр
Зыт ебгъэльыну, нэхъри ущІэращІэу...
- Ибрэхьим, апхуэдэу уи пщІэнтІэпсыр
Сэр щхьэкІэ бгъэкІуэдыным сриуасэ...
- Къэгъанэ ар... зытелъхьэт...
мис апхуэдэу...
Іэльэщым ущІохьэкІыр дахэ дыдэ,
ЯмыгъуэтыНу зыри кхыпхуагъадэ...
- У шхакъым щІагъуэ...
- Си ныбэ изщ сэ, уи гур умыгъэгъу,
Ауэ со льагъу, ныщхьэбэ умыпІащІэ,
СебгъэдэІуэн кхъэхуахэм
хьыбарыщІэу...
- Си дэльхур кхъэкІуэжащ...

Ибрэхьим

- ЖыхуэпІэр хэт?
- Ар фІыуэ уоцІыхужьыр...
Жамболэтщ...

V

Къазбэчи кхъущащ пащтыхь пэльытэу,
И джабэ дыхьэрэнхэр зэщІэлыдэу.
Кхыдольадэ кхъуІыпсхэр аузым,
ХьущІэ макъкІэ джабэ нэкІухэр
зэгуагъэзу,
Я уэрэдхэмкІэ ІущІэну пщэдджьыкъ
пшэпльым,
Іэуэльауэу ирахьэхыр я пшынальэр.
Я щхьэм фІахьыжу пщэдджьыкъ пшагъуэр,
Кхырыщхьэхэм зыкъагъІэтэуэ.
Акъужьыр тхьэмпэ Іувкіэ изу,
Нэщхьыфіэу мэЛущащэ мэзыр,
Бзум я уэрэдыр уафэгум нахьэсыр.
Нэхульэфі къекІауэ кхъущащ щэрджэсхэр...
Кхыр задэхэр и кхэрэгъулу
Ауэ зэвым дэкъуза жьыпэм
КхыщІэІэту сабэр гуэрэну
ШыІзокІуэ хьущэр, шы табыныр...
Адыгэ жьэгум кхыдиху Іугъуэр
ТІэкІуэр щхьэщотри кхъуажэм пшагъуэу,
Хуэму докІуейри уафэ льащІэм
КІэщІогъуэльхьэж шылэхъар пІащІэу...
Кхуажэ кхъуШм и жейбащхьуэр
ШхьэщІеху кхъэкІыпІэм кхыщищІ пшэпльым,
Лэжьыгъэр кхуажэм щызэщІэпльэу
Махуэм зеІэтыр дыгъэ хуэпльэу...
ЩейтІан Іуащхьжь и дыгъэмыхьуэм
Іэщ хъушэр кхыкІэрехуэ Іэхьуэм.
Мывэ зэхуакухэм нэшэкъащэу
Кхадож псы цІыкІухэр зэщІэшэу...
Мывэ джейхэу кІуэщІыльым жыглыцым,
Гуэрэн Іувхэу зэхэт кхуащэчыцэм
Блэм ещхьу Іэзэу япхрыпщ
кхурш лъагъуэм,
КьищэкІуам и льэужьым ирикІуэу
Зззэмызэ ращщхуозэ щакІуэм.
Гуваауэ, кхытещхьаУ э нэхулъэ,
Кхурш лъагъуэм тету ехур щакІуэм и льэр.
Хьур жьиныр, джыдзр и пліэрыльу,
Хуэм дыдэу бакъуэу, бауэу хьэ льэу
Щеі ТысжЬым мэзаулІыр ешу,
МыпІащІэ у, зыщІигъакъуэрэ и бащыр
И ныбжьэгъу Іэхъуэр лъагъунльагъу
кхыхуокІуэ,
Кхыхуехьри гъуэмылэу зы фо хьэкІуэ,
ШэщІэмыху кхъуей,
А псори икъукІэ Іэфіыкіейщ...
ТІэкІу зэІуроури мэтэджьыж, и цейм
ЗыкъыкІэрищІэу хьэщыбанэм,
ЩІалэ цІыкІу хуэдэ ельэу мывэ джейм,
Тоувэ лъагъуэм, кІуэжу унэм.
ЗдэпІащІэр дэнэ? ЗыхуэпІащІэр хэт
Нобэ апхуэдизу Жамболэт?
Кхыхуэззшауэ хэт кхыпэплъэр?..
Хьэ щтауэ адкІэ-мыдкІэ маплъэ,
ЛъакъунтІым ярмыкІу псэхур,
Гу зэщІэпльам зыщІыпІэ ехур...
Кьоожэх пщІэнтІэпсыр и нэкІущхьэм...
ЕтІатэр пщампІэр... И щІыбГагъым
Кхыдэтщ нэхъыжьхэм зэгуэр лІыгъэу
Зэрахьэгъахэм кхъхьа щІыхьыр,
Дыщэ уагъэм фоч льэдакъэр егъэдахэ,
ДэІуащ кІэрахьуэр и бгырыпхым,
И кЬамэ Іэпщэу дыжьым хэкІым
Дыгъэм и бзийхэр толыдыкІыр...
Жьым ходжэгухь и бащлыыкъ кІапэр -
А псоми хэльмы гуэвэгъуэ щэху!
Дуней дахащэм псэм зыщегъэпсэху
ЗзыІэппшэу, ихьу уи нэр, уи пэр,
Уигъэ удэІужу кьодэхащІэм,
ГуфІэгъуэ нэпсыр зыхкуГащІэу...
Іэхуитльэхутщ и хъуреягьыр,
Іэхуитлъэхутщ щІы даущьыншэр,
Гур дэрэжэгъуэм игъэушэ!..
КІыфІыгъэм игъэпщкІуа псыпльым
И макъыр жэщым кхызыпхехур...
Кьуажэм удэпльэм тельыджабэщ,
Іэхьуэм Іэхьушэр дехур джабэм...
МыпІащІэу кхыхидза узэрэдым
Кхыдожьуужьр бгыжьхэр уардэу:
Ди Алыхьышхуэ!
Алыхь льапІэм
ЩыщІэ зыри пльэмыкІынІ
Тельыджэщ уафэр,
Тельыдджэщ щІыльэр,
Уи Іущагъэшьыжьм
Худогъэ Іу пшынальэр...
Тафи, кхурши,
Тенджызи, псыежэхи,
Гуэли, мэзи,
Мы дунеишхуэм кхъмынэу зы дурэши,
Макъ зэмыфэгъу Іэджэм
Зызэхаджэжри зы макъ тельыджэу
Уи льэкІыныгъэм узрэдыр хуагъэшыр!..
Блэ щэхуу зеудыгъури, лъагъуэр
ЙопщэжкІыр щыхупІэ шынагъуэм...
Хогъэуэльхьэжри хуиту удэ щхьэцІантІэм.
Мэпщ мыпІащІэу, зиІантІэ-эншантІэу.
И лъабжьэм нэс ущызыщІэпльу,
Кхъуршпс цІыкІу щІыІэр зэрылъэльу
Мажэ, лъагъуэм бгъурыуваэ,
Хэпльэну зыхурегъэзыхыр
Псы цІыкІум ихь и толькъуи махэм,
Кхъуршпсым зыхе тхьэщІэри мащІэу,
Пещэж аргуэру гъуэгум пІащІэу.
Зы мывэм тольри зы мывэм
Толькъуныр тольэ, зэрпльу пшахъуэм,
КхызопльэкІыжри нэжэгужэу,
И дыхьэшх макъым кхыпищэжу мажэ.
Пхрож мэкъуПІэм, бложьыр чыцэм...
Кхыпежьыхьри кхыр задэ лъагэу,
И щыгу папщІэр пІэтауэ пагэу
Езыгъэкъум уафэгум и льащІэм,
Зыхегъэпщкіуэжыр мэз
Іувыжьым пІащІэу...

Зэзыдзэкіар УЭРЭЗЕЙ Афликщ.
(КъыкІэлъыкІуэнущ).

ЛъагапІэщІэм хуэплъэ еджапІэ

● ЩІэныгъэ

Адыгэ Республикэм иджыблагъэ щагъэлъэпІащ щІыналъэм и еджапІэ нэхъыщхьэр - Адыгэ къэрал университет - илъэс 70 зэрырикъуар. Іуэхум иращІэкІа гуфІэгъуэхэр махуэщкІэ екІуэкІащ; жэпуэгъуэм и 8-м кьыщыщІэдзау э абы и 10-м нэсыху.

ІУЭХУМ иІэ зераллпсо, республикэпсо мыхьэнэр нэрылъагъ ут абы УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм, щІэныгъэ ІэнатІэ инхэм я лЫкІуэжэр къызэрекІуэлІамкІи Адыгэ Республикэм и Президент **Тхъэкіушынэ Аслъэнджэрий**, премьер-министр **КъумпІыл Мурат** сымэ зэрыхэтамкІи.

Къуэш щІыналъэм и гуфІэгъуэр дэзыІэтахэм ящыщщ Кьэбэрдей-Балькъэрым икІа гупышхуэр. Абы и пэщІэтыт Урысей Федерацым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я ректорхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ, КьБКЪУ-м и ректор **Къарэмырзэ Барэсбий.** Гупым х эгащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр кьалэнхэр зыгъэзащІэ **ЩхьэгъэпсО Сэфарбий**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ятэ вице-президент, Кьэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфЫщІэ Мухьэмэд**, «Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Кьардэн Мухьэмэд**, «Кьэбэрдей-Балькъэр» къэрал телекомпанием и редактор нэхъыщхьэ **Кьардэн Аслъэн**, Шэджэм кьалэм дэт «Тлехас» компанием и тхьэмадэ **ЛЫхэс Заурбий** сымэ, нэгъуэщІхэри. Адыгэ къэрал университетым и махуэшхуэм зрагъэхьэлІащ Урысей Федерацэм и еджапІэ нэхъыщхьэ 30-м нэсым я ЛЫкІуэхэм, гуфІэгъуэм хэтащ Австралием, Германием, Франджым, Финляндием, Литвам, нэгъуэщІ хамэ къэралхэми кьакІа щІэныгъэлІ цІэрыІуэхэр.

Махуэшхуэм и щІыхькІэ екІуэжа зэІуцІэм щытепсэлъыхьащ АКъУ-м кьакІуа гъуэгуанэм, нобэкІэ зэрыт щытыкІэм, кьэкІуэну лъэхъэнэм яІэ мурадыфІхэм. Университетым е кьэухьуу псалъэ дахэ куэдм щыжаІащ зэхуэсым, фэеплъ тыгъэхэри щатащ, Абы кьыщыпсэлъа нэужь, ХьэфЫщІэ Мухьэмэд Кьэбэрдей Адыгэ Хасэм кьыбгъэдэкІыу университетым и щІэныгъэ библиотекэм тыгъэ хуищІащ тхыльэ 1000. Ахэр ятеухуащ адыгэхэм я тхыдэм, этнографием, хабзэм, бзэм, литературэм, хамэщІ щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм.

Апхуэдизэ щІыхум ирагъэлъагъэнкІи зэрыгушхуэнкІи кьулейт илъэс 70 гъэуганэ купщафІэ кьэзыкІуа еджапІэ нэхъыщхьэр. ГуфІэгъуэ махуэм ирихьэлІэу АКъУ-м кьыщызэІухащ иджырей техникэрэ технологиещІэхэмкІэ кьызэгъэпэща е ІэнатІэм трон библиотекэшхуэ. Кьати 4-у зэтет а унэ абрагъуэм хащІыхьащ икІи иджыблагъэ дэжьэн щыщІидзащ Адыгэ Республикэм Хьэрш (космос) ІуэхутхьбзэхэмкІэ и центр. «Рекод» ЩІэныгъэ-производствэ корпорацэ (НПК)» ОАО-м АКъУ-м кьыщызэрагъэпэща е ІэнатІэм щызэфІах Іуэхутхьбзэхэм щыгъуазэ ящІащ гуфІэгъуэм кьрихьэлІа псори. Нэрылъагъу зэрыхьуамкІэ, центрым щрагъэкІуэкІ кьэхутэныгъэхэм якІ ятІкІэ, щІыналъэ экономикэм зэрызиужьымрэ аР зэрыт щытыкІэмрэ нэсу кьызыпщітэфынущ. Ахэр екьэлІащ медицинэми, егъэджэныгъэми, ухуэныгъэми транспортми, мэкъумэщми, гъуэгу хэзыІутым, щІыуэпсым и экологие щытыкІэми, щы Іуэхуэмрэ ахэр зэрызэрахъэри, н.кь. КъэкІуэну ин зиІэ ІэнатІэр хъунущ щІыналъэ экономикэм и зыужьныгъэм и джэлхэ. КьыхэгъэщІыпхъэщ, АКъУ-м кьыщызэІуаха а Іуэжщ ІапІэр апхуэдэ центру къэрал псом щыІм 6-м ебланэу зэрыщытыр. Апхуэдэу ди республикэм икІахэм я гуапэ хъуащ «Рекод» НПК» ОАО-м лэжьыгъэ зэгурыІуныгъэ зрищІыпІа кьэраллм я гуапэ хъуащ «Рекод» НПК» ОАО-м лэжьыгъэ зэгурыІуныгъэ зрищІыпІа кьэраллм я ешхуэ щІыпІэ зэхуэмдэхэм я Іэщ ІагъэлІхэми гуфІэгъуэр яІэтащ. Апхуэдэу ЕкъуэкІыпІэм щыпсэу лъэпкъхъэм я музейуэ Москва дэтым Мейкьуапэ щІэ къудамэм кьащІыгъуэращ УФ-м, КьБР-м я щІыхьб е суэтэщІ Шемякин (Кьардэн) Михаил и Іэдакъэщ ІкІэхэм я гъэльэгъэныгъэ хьэлэмэт.

АКъУ-м и юбилейр гъэльэпІэным я зэфІэкІ хальхьащ къэралым и артист щІэрыІуэ куэдым. Мейкьуапэ дэт къэрал филармонием концерт щат и пэщІыхъуэм и утыкур ягъэбжьыфІащ УФ-м щІыхь зиІэ, Адыгэ, Кьэбэрдей-Балькъэр, Кьэрэшей-Щэрджэс республикэхэм я цІыхубэ артист **Тут Заур**, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Багъ Сэхьид** , Адыгэ Республикэм я цІыхубэ артистхэу **Анзорыкьуэ Чеславрэ Нэхей Тамарэрэ**, Адыгэ Республикэм и цІыхубэ артистхэу, Урысейм и Театр Иным и уэрэджы-ІакІуэ пашэ **Мамсыр Маргаритэ**, АКъУ-м ГъуэзджэмкІэ и институтым и студентхэр, нэгъуэщІхэри.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Театр

ФІыр токІуэ

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым иджыблагъэ щагъэлъэгъуащ «Золушка» тауры-хьащ. Абы къыщащІыкІыу сабийхэм пащІэ ягъэуэва спектаклыр. Ар зыгъэхьэзырар Музыкэ театрым и артистхэрщ.

ТАУРЫХЪКІЭ сабийхэр трагъэу къудей мыхъуу, ущининыгъэ-гъэсэныгъэ мыхьэнэ куэд щІэлъу утыку къраухьа тепльэгъуэм удихьэхыр, уигъэгупсысыр. ЦІыкІуэр зыІэпишауэ едэІуащ спектаклым хагъэува уэрэдхэми. Абыхэм ухашанэрт нэгум щІэкІым, персонажхэм я гурыгъу-гурыщІэхэр сабийхэм зыхращІэрт.

Лэжьыгъэм и режиссер Сафаровэ Тамарэ и гуапэ хъууэ къыджиІащ спектаклыр эзрагъэувРэ иныэс зыбжанэ зэрыхъуар, ауэ абы и пІалъэр зэримыкІынур.

- Мыр клаССкиящ, сабийхэр зыщІэпІыкІын хуеИхэм ящыщ зыщ, - жиІащ Сафаровэм. -Нобэ утыку кьитхьэ ди лэжьыгъэмкІэ цІыкІуэхэм дэ ягурыдгъэІуэну дызыхуейр цІыхур зыщІэкъу псори зэрызригъэхъулІэфынурщ, егуГъуэмэ, абы щхьэкІэ и къару емыблэжми.

Дунейр зэтезыІыгъэр лъагъуныгъэрщ, жысІэкІэ сыщІыуэну къыщІэкІынкъым. Хэкум, лъэпкъым, благъэм, унагъуэм худи Іэ щытыкІэм мыхьэнэ куэд иІэщ. ЦІыхур сытым дежи дахагъэм, фІым хуэпабгъэу псэумэ, нэхъыфІщ. Сабийр щІэпІыкІын хуейщ а гупсысэм. Аращ нобэ утыку къитхьа таурыхъымкІэ нэхъыбэу къэдгъэлъэгъэну дызыхуеяр, - къыхигъэщащ абы.

Спектаклым щыджэгуаХэр псори цІыху балигъми, сабийхэм ягу дыхьэу, яфІэгъэщІэгъуэну ахэр утыку итащ. Ролхэр ягъэзащІащ Музыкэ театрым и артистхэм. Золушкэ и ролыр зыгъэзэщІар Нежинэ Маринэщ, принцыр Кьардэн Радикщ, пащтыхьу джэгуащ Мэкъуауэ Хьэсэн. Спектаклым хэтащ Кьунижь Алим, Мамбэт Мадинэ, Морозовэ Наталье сымэ, нэгъуэщІхэри. Сафаровэ Тамарэ и гъусэу спектаклым елэжьащ балетмейстер Кузнецов Юрий.

БАЦЭ ФатІимэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Хъуэжъу

Налшык къалэ щыпсэу Багъэтыр Алинэ Анзор и пхъур нобэ къыщалъхуа махуэщ, и ныбжьыр илъэсипщІ ирокъури, дохъуэхъу

Ди пщащэ гуащэм уи ІэфІыгъуэщи, сабиигъуэ дахэ уиІэну, уи фІэрафІагъэм цІыхур итхьэкъуу, Іэщ Іагъэкіэ уцІэрыІуэ, уи итІыр фІыгъуащІэу, фІыкІэ уи цІэр яІуатэу, псынэтсу уи псэр къабзэу, уи гур щІзіу, акъылрэ мыпЪкукІэ убейуэ, Іуащхьэмахуэ уардэу уи пщІэр лъагэу, уи насыпрэ ныбжьыр зэрыгъэ ящІэм хъ ди быдэкІэ ухэуІэну ди гуапэщи, насыпу щыІэм и нэхъ лъапІэмкІэ Тхьэр къыпхуэупсэну дынохъуэхъу!

Уи адэшхуэ Хьэсэдинрэ анэшхуэ Хьэсибэтрэ.

● Спорт хъыбархэр

Борсэмрэ МафІэдзымрэ зыри пэлъэщыркъым

«Якут налмэсхэр» компаниием и нэІэм щІэту кикбоксингымкІэ кадетхэм, ныбжьыщІэхэм, балигъхэм я зэхьэзэхуэ иджыблагъэ Анапэ щекІуэкІащ. Абы хэта ди спортсменхэм ехьулІэныгъэфІхэр зыІэрагъэхьащ.

ДУНЕЙПСО Кубокым щІэбэнащ къэралыгъуэ 18-м и бэнакІуэ нэхъыфІхэу 856-рэ. Кьэбэрдей-Балькъэрым и щыхьыр абы щахьмащ Джэрмэншык, ПІытхьэлэ, Шэджэм щыщ кикбоксерхэм – олимп резервхэр щагъэхьэзыру Шэджэм куейм, Нарткъалэ спорт школхэм я гъэсэнхэм. Абыхэм яІэ щыщу тІум Дунейпсо Кубокыр, щым - дыжьын саугъэтхэр кьахьащ.

Килограмм 67-рэ зи хьэлъагъ цІыхухъу балигъхэм я зэпеуэм Шэджэм ЕтІуанэ кьуажэм щыщ Борсэ Астемыр щытекІуащ. НыбжьыщІэхэм я деж джэрмэншыкІэс МафІэдз Аэмэт (кг 67-рэ) и хьэрхуэрэгъу псоми щефІэкІащ.

К-1 зэпеуэ нэхъ хьэлъэм дыжьын медаль кьыщихьащ Іуэжь Алим (Джэрмэншык). Пщащэхэм я зэныкъэ уэкъуныгъэм етІуанэ щыхьащІ Шытхьэлэ щыщ бэнакІуэхэу Кьабокьуэхэ Анжеликэрэ Бэлэрэ.

Ди спортсменхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ тренерхэу Апажэ Рашид, Бецыкіу Заур, Саралидзе Айдын, Дышэкі Аслъэнбэч сымэ.

Дунейпсо Кубок зэхьэзэхуэм и судья нэхъыфІу кьалъытащ Апажэ Рашид. Бэнакіуэ нэхъыфІхэмэ ж ащІу, абы къратащ спонсорэм кьабгъэдэкІ налкьутналмэсрэ Тырку м (Анталие) зэрызыщигъэпсэхуну путевкэрэ.

Ди спортсменхэр а зэхьэзэхуэм кІуэн папщІэ мылькукІэ зыщІагъэзыхуащ «Синдика» фирмэм и унафэщІ Кьанокьуэ Леонид, УФ-м и Федеральнэ налог кІуэлькъуэм и Іуэху щІапІэу КъБР-м щыІэм и унафэщІм и кІуэдзэ Ажий Валерэ сымэ.

УЭРДОКЪУЭ Ланэ.

Шэджэм щыгум зыщаІэт

Параплан КІэ лъэтэным и Кубок эзІуха зэхьэзэхуэ жэпуэгъуэм и 8 - 17-хэм Шэджэм ауэым, Тузэлу тафэм щыІэ «Шэджэм» парадромым щекІуэкІащ. Абы хэтащ щІналъэ зэмыІуужьыгъуэхэм я спортсменхэр 37-рэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэрым а спорт лІэужьыгъуэмкІэ апхуэдэ зэпеуэ иджы япэу щекІуэкІуэу ащащ. Зэхьэзэхуэр ящІэзрагъэпэщащ Мушкаев Марат зи унафэщІ КъБР-м парапланер спортымкІэ и федерацэм, КъБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэмрэ Шэджэм районым администрацэмрэ я щІэгъэкъуэну. Апхуэдэ жэрдэмыр кьадиныгъащ Дунейпсо авиацэ федерацэмэм.

ЩІыхухъуэхэм я деж япэ увыпІэр щиуБыдащ Краснодар щыщ Грачук Виталий. ЦІыхубзхэм ящыщу кубоныр кьахьащ Москва къикІа Рябининэ Дарья. Шэджэм район администрацэм и сагъэтгыр зыпІыскари ащащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Ахьшэ саугъэтхэр зратахэр

Лъэпкъэм я зэныбжьгъуэгъэм и Кубокыр къэхьнымкІэ хабзэ щхьэхуэм темыт бэнэкІэмкІэ зэхьэзэхуэм и 9-нэ щыщ «Налшык» спорт комплексым щекІуэкІащ. Абы хэтащ КъБР-м, Дон Іуэ Ростов, Армением, Азербайджаным я команд ІэкІыхьэхэр.

УДЭЗЫХЬэХ зэхьэзэхуэм кьыдэкІуэу, рейтинг зэпеуэу 4 екІуэкІащ. Абы хъарзынэу зыкъыщагъэлъэгъуащ «Синдика-Щит» ООО-м и ОП-м и лІыкІуэхэу Багъэгъун Аскэрэ (кг 60) Бжьыхьэл Рустамрэ (кг 65-рэ). ТекІуахэм ахьшэ саугъэтхэр ираташ.

ГЪЭУНЭ Светланэ.

ЩІалиплІым я зэфІэкІыр

Иджыблагъэ Ставрополь крайм щекІуэкІащ Урысейм Іэщ ІэкІэ ЗэщІэуэзэ и Кьарухэм боксымкІэ я зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ боксер ныбжьыщІэ 200-м щІигъу. Кьэбэрдей-Балькъэрым и щыхьыр яхьумащ спортсменибгъэм.

ЗЫЭТА гупх эм дыжьын медалхэр кьыщахьащ Мыкьуэ Алим, Мызаущ Муэрин, Кавщиани Зураб. Нужьрейм Іэмал игъуэтащ Улыяновск щІэзэхэтыну кьэралым и зэхьэзэхуэм хэпІну. КьышхэмэщІауэ, Кьыщ Залым ещанэ увыпІэр кІэхьащ.

КЪЭЖЪН Бэч.

Сэлэтхэм я щІыбагъ къыдэтахэр

● ТхылъыщІэ

ЛІуп Нурхьэлий кьыдигъэхьа «Сэлэт фызабэхэмрэ абыхэм я бынхэмрэ» и тхылъыр и цІэмк кьызэрыхэщщи, теухуащ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм кьалэн куэд зи пщэ кьыдэхуа, бийм пэщІэтыным зи гуащІэ хэзыльхьа бзыльхугъэхэмрэ абыхэм я щІэблэмрэ.

ЛІупыр кьыщалъхуа Джэрмэншык кьуажэм дэкІыу фронтым Іухьахэм я бжьыгъэр куэд мэхъу, абыхэм я нэхъыбэмк кьагъэзэжакъым. Фызабэхэр зи натІэ хъуа и кьуажэгъуэхэм я гъащІэм, унагъуэм, кьэкІуэкІыкІкІэм зэпкърыхауэ топсэлъыхь Нурхьэлий. Абы и тхылъхэм яхэтщ Жэрумэкъуэ, Щхьэпыкъуэ дэкІа сэлэтхэм я щыгъэзэжьмрэ ятеухуахэрэ.

Тхылъым уэкъыщІэдмкІэ зи ныбжь хэкІуэта адыгэ бзылъхугъэхэм я гукъэкІыжхэм - абыхэм я гъащІэр зауэм тІу зэрырищІыкІам, я унатІуэ насыпыр кьыдэзырызэпэнудам, я щхьэгъусэхэм кьыхуатха яп пісьмохэм, кьыкІэлъыкІуэжм зэрыпэпльам... Илъэс 30 фІэкІа мыхуэ бзылъхугъэхэм я щхьэщхэр хэтхъуКІауэ, я бынхэм ятегуажьенкІарэ сыт хуэдэ лЭжьыгъэми зыщамыдэнэу зэрыпсэуам, ТекІуэныгъэ Иным и махуэр кьэсыным гурэ псэкІэ зэрыхуэлэжьам и щапхъэ кІуэ куэд кьышхьэхьаторым тхылъым. Ахэрат фронтым Іут сэлэтхэм я псэр зыгъэжуабэр, ЛІыхъужьыгъэм тЭзыгъэгушхуэр, я щІыб кьыдэт кьару нэрымыльагъур зыІэтыр.

Тхылъым зи хъыбар ит фызабэ куэдым кьыхуагъэфэщащ «1941 - 1945 гъэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм зэфІиха лэжьыгъэфІэм папщІэ» медалыр. Ахэр хьэпшып ЛъапІэм пащІу иджыпсту я бынхэм яхьумэ.

Зауэм щыщІидзам Джэрмэншык унагъуэ 200 дэсащ. Фронтым Іухьащ щІалн 176-рэ, абыхэм ящыщу 95-м Хэкум папщІэ я псэр ятащ. Зауэм фызабэ ищІащ бзылъхугъэ 55-рэ, зеиншэу кьэнащ сабии 119-рэ.

ЛІуп Нурхьэлий и тхылъыр фэеплъ яхуищІащ и адэ-анэу ЛІупхэ Данилрэ Бабынэрэ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Дыкъэзыуэхъуреихь дунейм

Джэдмыш псыкъелъэм хуэдэ щыІэкъым

КъБР-м Дыкъэзыуэхъуреихь дунейр хъумэныгъэ щІыуэпсыр къэгъэсэныгъэныгъэмкІэ и министерствэмрэ Сэрмакъ щыІэхэт «Додо Клуб» ныбжьыщІэ экологие зэгухьэныгъэмрэ зэгъэусэу ирагъэкІуэкІащ Джэдмыш псыкъелъэм и Іэгъуэблагъэр гъэкъэбзэным трауху щэбэт щІыхьэху.

«ДОДО КЛУБ» зэгухьэныгъэм и унафэщІ Мысырджэн МуІэед зэрыжиІэмкІэ, псыкъелъэм и щІэр кьызэтекІар а щІыпІэм къыщыкІ, нэхъапэм щхьэ узыр зэрагъэхьужу щыта удз хущхьэрщ.

- Сэ къызэгъблагъэри, щыщхьэІуэ КъБР-м щыхьащІащ биогеографэ, Вологодскэ къэрал техническэ университетым геоэкологиемкІэ и кафедрэм и доцент Брунов Виктор, - пещэ Мысырджэным. - Къэхутэныгъэ зыбжанэ иригъэкІуэкІа нэужь, абы жиІащ а псым хуэдэ дуней псом зэрыщымыІэр, зыгуэрэ кІэщхэ Японием зэрыщІрихьэлІар. Бруновым къызэрилъытэмкІэ, псыкъелъэми ар здэщыІэ щІыпІэми щІыхум и Іэпкъльпкъым сэбэн хэхъу энергетикэ лъэш хэлъщ.

Мы Іуэхум жэрдэмщІакІуэ хуэхъуа, Сэрмакъ кьуажэ дэт курыт школ №91-м хамэ къэралыбзэхэмкІэ и егъэджакІуэ, ЮНЕСКО-м и действительнэ член Мысырджэн МуІэед илъэс 25-рэ хьуауэ и унафэщІщ «Додо Клуб» зэгухьэныгъэм.

МуІэед къызэрыхигъэщІмкІэ, апхуэдэ сабий зэгухьэныгъэ къызэгъэпэщыныр игу къэзыгъэкІар дуней псом щыщІэрыІуэ инджылыз щІэныгъэлІ-зоолог Даррелл Джеральдщ.

- Абы и Іэдакъэщ ІкІыу сызэджакэр офІэтелъыджэу, и хэщІапІэр къэзгъуэтри, сытемыгушхуащІу письмо хуэстхауэ щытащ, - къыддогуашэ МуІэед. - Жуал къызитыжат Джеральд икІи абы Москва сыщыхуэзыуэ щытащ. Апхуэдэу дызэрыщІыхуащ, куэдми щыгъуазэ сищІащ, сыкъыщальуэ республикэм и экологиемрэ географиемри сыдихьэх чыращ. Иджы сэ зэзгъэщІа псори си еджакІуэхэм я деж зэрынэсхьэсыным иужь ситщ. А цІыкІуэр сытым дежи хэтщ республикэ, урысейпсо зэхьэзэхуэхэм икІи пашэныгъэхэр кьахь.

ХЬэМДЭХЪУ Сурэн.

●Гу зылъытапхъэ

Бахьсэн районым Щэнхабзэмкі и унэм щыдажьэ «Кавказ» кьэфакІуэ, уэрэджы ІакІуэ гупым и артистхэр еблэгъащ Бахьсэн кьалэм Социальнэ Іуэхутхьбзэхэр щызэфІагъэкІ и центрым.

ЗИ УЗЫНШАГЪЭР езыгъэфІакІуэу а Іуэхущ ІапІэм щыІэ нэхъыжьхэм ящыщ куэд дыдэ кьирихьэлІа а зэІуцІэм икІи дэтхэнэ зыми дэрэжьгъуэ игъэтащ, зигъэпсэхуащ. Ахэр едэІуащ уэрэдыжьхэм, совет лъэхъэнэм яуса, зауэм теухуахэм, иджыпрей адыгэ, балъкъэр макъамэхэм. Пщыхьым хэтащ «Кавказ» ансамблым щыщщу Кьулий МуІэед, БатІитІэ Мухьэмэд, Кьущхьэ Заур, гупым и унафэщІ Жылау Арсен сымэ.

Зеикъуэ кьуажэ дэт Щэнхабзэмкі Іэунэм щылажьэ ящынауэ Кьулий Маринэ и «Кьафэм» утыкум кьриншащ Центрым зыщыщызгъэпсэху ди нэхъыжьхэр. Абыхэм фІыщІэшхуэ хуащІащ мы зэІуцІэр кьызэзыгъэпэщахэм.

ЩМОХАУЭ Залинэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦІЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаз Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъэкІмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Итэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжькьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІ цыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхугъэмкІ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІ - 47-22-63, 42-57-59; щхьэхабзэмкІ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ ІапІэхэм ядэлажьэмкІ - 42-60-53; къыбарыщІэхэмкІ, спортымрэ пісьмохэмкІ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІ - 47-32-15; зэдэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ ІапІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм изу жэуап яхь. Авторхэмр редакцэмр я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкІэм.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьыныр и пщІ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щыпымкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ятуащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІ цыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахущ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДышэкІ Соня, редактору ЩхьэщмыщІ Иэ, корректорхэу ТхытІыкІ Юрэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), Корректорхэм я дэлэжьыкъуэгъу* **Иуан Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Щомахуэ Марианнэ, ГъукІэлІ Рае,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанпэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №3029